



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CONSTELLATION BRANDS PRAL ETABLI SYÈJ SOSYAL LI NAN ANBA LAVIL ROCHESTER

Konpayi global la pral anmenaje nan yon bilding Akedik istorik ki reyamenaje bò Rivyè Genesee

82 milyon dola nan investisman an sipòte tou efò pou revitalize sant iben Rochester a atravè investisman nan inisyativ ROC The Riverway la ak Zòn Inovasyon Anba Lavil la

Pwojè a jwenn sipò tou sibvansyon "Finger Lakes Forward" la pou kòmanse konstriksyon yon pwojè akedik ki reyimajine

Gouvènè Kathy Hochul te anonse Constellation Brands, yon konpayi bwason alkòl prensipal, pral demenaje syèj sosyal li, ki aktyèlman baze nan Victor, Konte Ontario pou ale nan Bilding Akedik istorik la ki sitiye bò Rivyè Genesee nan anba lavil Rochester. Konpayi Fortune 500® an pral investi anviwon 50 milyon dola pou reyamenaje senk bilding nan kanpis Akedik la ki sitiye ant East Main Street ak Broad Street, anfas Blue Cross Arena nan Moniman Komemorasyon Kominotè sou Lagè (Community War Memorial). Achte nan mas 2020, pwomotè pwopriyete a yo planifye investi 30 milyon dola anplis sou kanpis bò rivyè 170,000 pye kare a. Pwojè transfòmasyon a pral enplike tou konstriksyon yon estrikti pakin ki gen 120 plas ak restorasyon istorik fenèt bilding Akedik la yo ki kalifye ak lòt eleman achitekti. Constellation Brands prevwa kreye plis pase 80 nouvo travay lokal nan kad pwojè a anplis de plis ke 340 travay ki pral transfere nan lokal Akedik la, pandan anviwon 200 anplwaye ap kontinye travay andeyò biwo Canandaigua. Konpayi an prevwa l ap operasyonèl nan enstalasyon istorik bò dlo a nan sezon prentan 2024.

"Desizyon eksitan Constellation Brands pou agrandi operasyon rejyonal li ak etabli nouvo syèj sosyal li nan anba lavil Rochester pral ede fè pwogrese efò nou pou kreye nouvo travay ki byen peye ak yon sant vil k ap pwospere", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester se deja lakay pou kèk nan konpayi ki gen plis talan nan monn lan. Pwojè transfòmasyon sa a nan Bilding Akedik istorik la pral ede tou maksimize efò 50 milyon dola ROC The Riverway nou yo, k ap reyimajine ak transfòme bò dlo bèl Rivyè Genesee a, k ap ede Rochester pwospere pou plizyè jenerasyon alavni".

Fonde plis pase 75 ane de sa nan vil Canandaigua, Konte Ontario, Constellation Brands, avèk apeprè 9,000 anplwaye nan monn lan, se youn nan gwo konpayi CPG (Pwodui Konsomasyon Anbale) nan Etazini ki devlope pi vit nan komès epi se yon pwodikè ak distribitè entènasyonal prensipal byè anblematik, diven ak mak espiyite tankou mak byè Corona Extra ak Modela Especial, ak diven kalite eksepsyonèl ak mak espiyite yo, sa gen ladan fanmi mak Robert Mondavi, Kim Carwford, fanmi mak The Prisoner, SVEDKA Vodka, Casa Noble Tequila ak High West Whiskey. Konpayi an kenbe tou yon enterè nan endistri kanabis k ap devlope a.

"Nou kwè kanpis Akedik la se yon gwo anplasman syèj sosyal pou konpayi nou k ap grandi an ki bay anplwaye nou yo yon anviwònman travay modèn ki pral kontinye ankouraje kolaborasyon nan konpayi an ak kominote a", **Bill Newlands, Prezidan ak Direktè Egzekitif Constellation Brands, te deklare.** "Nou enpasyon pou nou kontribiye nan devlopman ekonomik ak kreyasyon travay nan zòn Rochester pou anpil ane k ap vini".

"Nou se yon manm fyè kominote Rochester a ak zòn alantou yo pou plis pase 75 ane epi eksite pou kontinye angajman nou nan sipòte efò revitalizasyon iben Rochester yo", **Rob Sands, Prezidan Egzekitif Konsèy Administrasyon Constellation lan, te deklare.**

Eta a ak vil la pral akselere pwojè Akedik Reyimajine a ki toupre nouvo kanpis syèj sosyal la pou aliyen avèk plan renovasyon Constellation Brands yo ak dat demenajman ki prevwa. Pwojè Akedik Reyimajine a se kolòn vètebral inisyativ "ROC The Riverway" la epi pral retire teras pon veyikilè sou Broad Street la, ki te ajoute an 1927, ki ekspoze estrikti akedik orijinal la ki te konstwi an 1836 nan elevasyon orijinal li, sa k ap ouvri anpil panorama rivyè a ak koneksyon potansyèl santye yo nan koridò rivyè anba lavil la. Travay la ta dwe kòmanse nan mitan rive nan fen 2022 epi pral kòmanse avèk modènizasyon sèvis piblik ki pral gen enpak dirèkteman sou kanpis Akedik la.

Eta New York ap bay jiska 9 milyon dola pou fasilite modènizasyon enfrastrikti inisyalyon enpòtan yo ki nesèsè sou kanpis Akedik la. Vil Rochester pral resevwa sibvansyon 5 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon nan Rejyon Nò Eta a pou amelyorasyon nan enfrastrikti piblik pou kòmanse faz konstriksyon inisyalyon pwojè Akedik Reyimajine a. Empire State Development (ESD) ap bay Constellation Brands tou jiska 4 milyon dola atravè pwogram Kredi Taks Excelsior Jobs la an echanj angajman pou kreyasyon travay yo. Konte Monroe, Rochester Gas and Electric (RG&E), Chanm Komès Greater Rochester ak Greater Rochester Enterprise (GRE) ap ede tou nan pwojè transfòmasyon a.

Transfòmasyon akedik la pral katalize tou dinamis ki deja kòmanse nan anba lavil Rochester a gras ak inisyativ "ROC the Riverway" la. 13 pwojè ki chwazi nan premye faz la, ki gen 50 milyon dola finansman sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) Finger Lakes Forward la, vize revolisyone zòn ki ozalantou rivyè Genesee epi libere potansyèl rivaj Rochester a. Jiskaprezan, tout pwojè ki sible yo se swa yo nan faz konsepsyon, an konstriksyon, oswa te fini. Pwojè sa yo gen ladan kominote ROC City Skate Park ki gen yon gwo siksè, ki te konstwi anba

Frederick Douglass-Susan B, Pon Anthony, I-490 lan. Nouvo syèj sosyal Constellation Brands lan pral sitiye tou nan Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester a ki abrite kounye a apeprè 200 konpayi inovatè, teknoloji avanse.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) lan, Kevin Younis te deklare, "Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester a se lokal pafè pou nouvo syèj sosyal Constellation Brands. "Li deja abrite kèk nan konpayi ki gen plis talan nan monn lan. Pwojè Akedik Reyimajine a pral katalize tou renesans sant vil la, ki deja ap rebondi gras ak inisyativ "ROC The Riverway" la, ki alimante dinamis ekonomik pou tout rejyon Finger Lakes la".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Constellation Brands ap ouvri yon nouvo epòk nan devlopman anba lavil Rochester a avèk desizyon li pou ajoute travay ak agrandi nan Vil Rochester a. Kanpis Akedik istorik la ki te yon fwa neglije espas ki te bay nesans ak Vil Farin (Flour City) lan - entèseksyon Kanal Erie istorik la nan Rivyè Genesee - kounye a nan kè Zòn Inovasyon anba lavil la epi pral yon lòt fwa ankò se yon motè kwasans gras ak investisman Constellation Brands. Mwen aplodi Constellation, Gouvènè Hochul, ak tout moun ki te kontribiye pou pèmèt devlopman sa rive reyalize".

Senatè Kristin Gillibrand te deklare, "Constellation Brands se yon lidè global nan endistri bwason an epi mwen fyè pou akeyi konpayi a nan Vil Rochester. Demenajman sa a pral revitalize sant vil la nan envesti plizyè milyon dola nan ekonomi lokal la, sa k ap kreye plis pase 80 nouvo travay ak mennen plis pase 340 nan espas sa a. Mwe pral kontinye travay pou investisman ki rale kòporasyon klas mondyal yo vin New York epi ede Rochester kontinye grandi ak pwospere".

Manm Kongrè Joe Morelle te deklare, "Jodi a make yon etap an avan ki eksitan nan travay nou pou revitalize koridò anba lavil Rochester a ak ranfòse ekonomi rejyonal nou an. Non sèlman pwojè sa a pral pote nouvo travay nan kominote nou an men tou, nan kad inisyativ ROC the Riverway la, li pral soufle nouvo lavi nan zòn ki alantou zòn bò dlo istorik nou an. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul pou devouman li nan kreye opòtinite ekonomik epi mwen remèsye Constellation pou angajman kontinyèl li nan envesti nan avni kominote Rochester a".

Senatè Jeremy Cooney te deklare, Se yon bagay ki kolosal! Demenajman Constellation Brands pou vini anba lavil Rochester se yon bagay senbolik enèji renouvle sou Genesee Riverway iben nou an. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Constellation Brands dèske yo kwè nan sant vil nou an epi dèske yo ede kreye yon plas pou travay ki pi dinamik".

Manm Asanble Harry Bronson, Prezidan, Komite Asanble sou Devlopman Ekonomik, Kreyasyon Travay, Komès ak Endistri a, te deklare, "Distri anba lavil Rochester a te pote yon gwo viktwa jodi a. Revitalizasyon anba lavil la ap pran anplè gras ak Gouvènè Hochul, ekip devlopman lokal nou an ak patnè gouvènman yo. Nou tout te gade Constellation Brands k ap grandi nan yon rit rapid pandan ane yo pou tounen pisans CPG li ye a. Plis travay, plis investisman ak plis angajman vle di plis

opòtinite pou popilasyon Rochester a. Genyen yon lidè biznis global ki etabli syèj sosyal mondyal li nan Blding Akedik istorik la ede leve gwo vil nou an kòm yon motè ekonomik k ap pwospere nan Eta New York".

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Mwen kontan akeyi Constellation Brands, yon biznis repite ak enpòtan nan anba lavil Rochester. Vil nou an te gen yon bezwen ijan pou revitalizasyon ak investisman siyifikatif. Mwen rekonesan pou opòtinite ekonomik sa prezante nan bay travay ki byen peye pou manm yo nan kominote nou an. Se yon opòtinite pou sila yo k ap chèche yon karyè toupre lakay yo".

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Nan deloje syèj sosyal yo a mennen li nan Rochester, Constellation Brands rekonèt avantaj nan fè biznis nan Konte Monroe ak opòtinite nou ofri pou inovè, grandi ak rekrute nouvo talan. Investisman 82 milyon dola sa a ranfòse pozisyon nou kòm yon sant pou lidèchip avanse nan fabrikasyon manje ak bwason. Mwen fyè pou akeyi Constellation nan Blding Akedik la ak gade vè lavni pou transfòmasyon kontinyèl sant vil nou an atravè inisyativ ROC the Riverway la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Empire State Development ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes (Finger Lakes Regional Economic Development Council) la pou sipò yo nan Zòn Inovasyon Anba Lavil la. Mwen remèsye tou Rob Sands ak tout ekip Constellation lan, sa gen ladan Bill Newlands, Garth Hankinson, Tom Kane ak Jim Bourdeau dèske yo chwazi Rochester kòm nouvo lojman konpayi yo".

Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren, te deklare, "Jodi a se yon moman desizif nan istwa vil nou an. Constellation Brands k ap vini ak syèj sosyal li nan anba lavil la ak awozaj Akedik Broad St. la yon lòt fwa, fè li klè ke n ap kreye yon nouvo avni eksitan pou Rochester. Se pral yon epòk kwasans ke nou tout kapab kwè ladan epi patisipe. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, fanmi Sands ak tout ekip Constellation lan ki te rann jodi a posib. Byenveni lakay nou!"

Ko-Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester, ak Denise Battles, Prezidan SUNY Geneseo, te deklare, "Konsèy Rejyonal la rete angaje pou ede avèk revitalizasyon kontinyèl sant vil la. Desizyon Constellation Brands pou sipòte vizyon sa a pral ede nan travay devwe nou pou etabli yon fondasyon ki reyimajine pou Rochester, k ap ede gide li nan yon avni ki ankò pi pwospè. Atravè delojman sa a, konpayi reyisi, istorik sa a ap ranfòse lide ke investisman kominotè sible, estratejik konsèy la ap an reyalyte alimante ekonomi rejyonal la".

Carl A. Taylor, Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif NYSEG ak RG&E te deklare, "RG&E fyè dèske li patisipe nan revitalizasyon anba lavil Rochester ak reyamenajman bò Rivyè Genesee a. Youn nan anpil fason nou kapab sousye pou kominote nou an se nan bay yon seri asistans atravè pwogram devlopman ekonomik nou yo. Nou te yon patnè estratejik ROC the Riverway depi kreyasyon li epi nou eksite pou nou gen Constellation Brands ki rejwenn sèn anba lavil la. Nou enpasyon pou nou kolabore avèk yo pandan pwojè a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la (GRE), Matt Hurlbutt, te deklare, "Angajman Constellation Brands pou kreye plis travay ak agrandi operasyon li nan vil Rochester, NY, ranfòse talan eksepsyonèl reyon nou an, espesyalman nan kapasite pou jere yon konpayi fabrikasyon bwason eksepsyonèl. Anplis de sa, Constellation Brands pral sèvi kòm yon eman ki atire talan ak lòt konpayi nan kè Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ROC2025, Joseph Stefko, te deklare, "Anons eksitan Constellation Brands lan se yon lòt pa transfòmasyon an avan pou Anba Lavil Rochester. Reyamenajman moniman Kanpis Akedik la pou tounen syèj sosyal antrepriz Constellation lan bati sou yon seri pwojè anba lavil la ki egziste, espesyalman ROC the Riverway la, epi pral sèvi kòm yon katalizè pou plis vitalite toujou nan sant reyon nou an. Enpak ekonomik pwojè sa a, nan sa ki gen pou wè ak nouvo travay li pral kreye ak lokal li pral kontribiyè ladan bò dlo a, pral yon bagay ki siyifikatif ak dirab. Mwen rekonesan anvan Constellation pou vizyon yo ak angajman long dat yo anvan reyon nou an epi anvan tout patnè ki te fè sa tounen yon reyalite".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Constellation Brands, vizite:
<https://www.cbrands.com/>

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè reyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, reyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Reyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan reyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

[Empire State Development](#) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)